

5 Bagay Ou Ta Dwe Konnen Sou Diskriminasyon akòz Orijin Nasyonal nan Lojman

- 1 Nan New Jersey, diskriminasyon ak asèlman akòz peyi orijin ilegal nan lojman.** Lwa New Jersey Kont Diskriminasyon an (LAD) pwoteje w kont diskriminasyon akòz peyi orijin ak asèlman akòz peyi orijin nan lojman, menm si ou se yon refijye, yon imigran, oswa ou pa yon sitwayen Etazini. Sa gen ladan tretman ki enjis selon etinisite, peyi nesans, kilti, oswa lang reyèl oswa etinisite, peyi nesans, kilti, oswa lang yo panse yo.
- 2 Founisè lojman yo dwe aji pou kanpe asèlman akòz peyi orijin.** Founisè lojman yo, anplwaye yo, oswa lokatè yo pa ka asele w akòz peyi orijin reyèl ou oswa peyi yo panse yo sòti ladan an. Founisè lojman yo dwe pran mezi ki apwopriye pou sispann asèlman yo konnen oswa yo te dwe konnen yo. Asèlman ka gen ladan jès ofansif, itilizasyon ensilt etnik, ak blag ki rabese moun.
- 3 Selon LAD a, yon founisè lojman dwe bay lojman selon kondisyon egal san konsidere peyi orijin ou.** Founisè lojman, ki gen ladan mèt kay, manadjè pwopriyete, ak ajan imobilye yo pa ka refize lwe w, fè w peye yon frè ki plis elve, ofri w pwopriyete ki diferan, dirije w oswa elwanye w de sèten opòtinite pou lojman, oswa refize fè reparasyon selon peyi orijin reyèl ou oswa peyi yo panse ou sòti ladan.
- 4 LAD a pwoteje kont diskriminasyon akòz peyi orijin lè yon moun ap achte oswa ap vann yon kay.** Pa egzanp, ajan imobilye yo pa ka refize montre w sèten pwopriyete oswa ankouraje w oswa dekouraje w achte yon kay nan kèk katye patikilye akòz peyi orijin ou. Evalyatè yo pa ka devalye kay ou, epi kreyansye yo pa ka mande w to enterè ki plis elve akòz peyi orijin ou.
- 5 Founisè lojman yo pa kapabilize politik oswa règleman net pou fè diskriminasyon.** Yo entèdi politik ak règleman net sou lojman ki afekte moun ki gen peyi orijin yon fason ki plis sevè pase yon lòt, sof si li nesèsè pou sèvi yon gwo enterè, yon enterè legal, oswa enterè non-diskriminatwa. Pa egzanp, pratik lwaye ki limite apatman pou kandida ki prensipalman pale Anglè yo oswa ki pa genyen yon aksan ka vyole LAD a.

Pèsòn pa ka fè zak reprezay kont ou paske w te deklare vyolasyon LAD yo, paske w te fè yon plent pou diskriminasyon, oswa paske w te egzèsè lòt dwa selon LAD a.

Pou konnen plis, oswa pou depoze yon plent, ale sou NJCivilRights.gov oswa rele 1-833-NJDCR4U (1-833-653-2748). DCR aplike LAD a, ki pwoteje tout moun kont diskriminasyon nan New Jersey san konsidere sityasyon imigrasyon yo. Pou aprann plis, klike sou [isit la](#).

Pou konnen plis oswa pou depoze yon plent, ale sou NJCivilRights.gov oswa rele **1.833.NJDCR4U**



Biwo Avoka Jeneral NJ

NJCivilRights.gov



@CivilRightsNJ #CivilRightsNJ #StandUpAgainstHate

